


**АСТИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД**

***Немуцаг-фашистонæрдонгтæгадзирахаттæйкуæрбалæбурдтонцæСоветонЦæдесмæ,уæд цифуддæр знагæй Райгурæн бæстæ багъæуай кæнунмæ тохмæ Чиколай цæргутæй рандæй 1338 адæймаги, уонæй 693 нæбал исæмбалдæнцæ сæ фидиуæзæгбæл, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау (уогæ еци нимæдтæ нерæнгæ дæр ма бæлвурдгонд цæунцæ). Уони кадæн гъæуи бæрæгастæу æвæрд æрцудæй номерæн циртдзæвæн.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№2 (783) 2021 анзи 23 январь – æнсури мæйæ

**НОМЕРÆН**



## ÆДЗАРД БÆГЪАТÆРИ ХУÆРЗЕУÆГ ИСÆМБАЛДÆЙ Æ ФИДИУÆЗÆГБÆЛ

Цуппаринсæй анзей размæ сæрдигон райдзаст бони сæумицъæхæй Советон Цæдесмæ гадзирахаттæй æрбалæбурдтонцæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ. Æма еци-еу бонбæл уоййасæбæл агъазиау бæстæ æнæгъæнæй дæр тугъдон фестадæй. Уой цифуддæр знагæй багъæуай кæнунмæ æмзæрдæй фæффæдеси 'нцæ советон адæм. Мингæйттæ-мингæйттæй цудæнцæ тохи будуртæмæ.

Уони рæнгъити адтæнцæ чиколайаг хъиамæтгун лæг Тускъати Басай фурттæ дæр: Тазæрет (1909-1942) æма Мухарбег (1912-1944). Дууемæй дæр сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони туххæй ма кæддæр финстан, фал абони ба сæрмагондæй имисæн Мухарбеги. Уой дæр уомæ гæсгæ, æма е тугъдititæй еуеми уæлдай сæрæндзийнадæ ке равдиста, уой туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Стъалуй орденæй. Фал ин æй æхецæн раттуни равгæ ба нæбал фæцæй – Севастополи алфамбулай тугъдтити фæммард æй… Рацудæй уæдæй нурмæ дæсгай æнзтæ, уæддæр æдзард багъатæр тугъдони хуæрзеуæг исæмбалдæй æ фидиуæзæгбæл… Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.



# ПОЭТ ÆМА СКУЛЬПТОР

Аци къарæмæ кæсгæй адæймаг куд нæ расагъæс кæндзæнæй: Хетæгкати Къостайæн аци циртдзæвæн исаразæг номдзуд скульптор Соскъити Владимир æ рази дзоцъцæги æрбадгæй, цума æ медсагъæсти ин ци дзоруй…

Æвæдзи зæгъуй: «Нæ цитгин Къоста, дæ рæстуодæй нихxатир кæнæ, дæ аци циртдзæвæни нихмæ дзæнгæда ка цæгъдуй, уонæн… Нæ 'й лæдæрунцæ, цитæ кæнунцæ æма сæ дзубандитæй ци тæрегъæдтæ хæссунцæ, уой… Нæ лæдæрунцæ дæ æма сæ сагъæсти кæрони дæр нæй, дæ карнæ цæйбæрцæбæл гъезæмайраг рауадæй, уой… Æма кæд естæбæл тухсунцæ, уæд айдагъдæр уобæл, цæмæй дæ цитгийнаг номи фæрци сæхе кой дæр райгъуса… Мæн ба фæндадтæй, цæмæй бæлвурдæй разинна дæ зæрдрист, адæми хуарздзийнадæбæл уодуæлдайæй архайгæй цæйбæрцæбæл æнæрайдзаст рауадæнцæ дæхе царди хабæрттæ…»

Нæ зонæн, Соскъий-фурт æ медсагъæсти уотæ гъуди кодта æви нæ, уой. Фал бæлвурдæй нæ бон æй уой зæгъун, æма Къостайæн ци циртдзæвæн исаразта, уоми ин алæмæти æцæгдзийнадæй бавдиста æ сорæт. Уомæй нæ хæццæ исарази уодзæнæнцæ Къостай æцæгæй ка уарзуй, æ карнæ циуавæр рауадæй, уой æ зæрдæмæ хæстæг ка есуй, æцæг аййевадæ лæдæрунгъон ка 'й, етæ.

Мах ба ма абони уой зæгъуйнаг ан, æма, æнæгъæнæ дуйней дæр агъазиау кадæгонд кæмæн цæуй, нæ еци номдзуд скульптор Соскъити Бариси фурт Владимирбæл æрæги, 14 январи исæнхæст æй цуппаринсæй анзи.

Зæрдиагæй дин арфæ кæнæн, Владимир, æнæнездзийнадæ æма дæ царди хабæртти райдзастдзийнадæй зæрдрохс уо!

4-7

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 441 СОМИ 66 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 383 СОМИ 34 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

***«Хуæцгæ незæй вакцинаци ка скодта, еци адæмæн «сæрмагонд» паспорттæ раттунæй зæрдæ неке æвæруй», – загъта Федераций Совети Сæрдар Валентинæ МАТВИЕНКО. Адæми барти фæдбæл æнхæстбаргин Татьянæ МОСКАЛЬКОВАЙ загъдмæ гæсгæ, ковидæй вакцинаци искæнæг адæмæн фæсарæнтæмæ рандæуни туххæй дæтдзæнæнцæ сæрмагонд сертификат.***



***Республики санитарон-экологон уавæр куд æййевуй? Цæгат Иристони дони, гъæдæ æма иннæ æрдзон фæрæзнитæ куд гъæуайгонд цæунцæ? Национ проекттæ куд ахедунцæ алфамбулайбæл? Аци æма иннæ ахсгиаг фарстатæбæл дзубанди цудæй, Цæгат Иристони Сæргълæууæг БИТАРТИ Вячеславæн республики æрдзон фæрæзнитæ æма экологий министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг ХИДИРТИ Батрази хæццæ ин ци фембæлд адтæй, уоми.***



# НАЦИОН ПРОЕКТТÆ ÆМА РЕСПУБЛИКИ ЭКОЛОГОН УАВÆР

Дзубандий архайдта Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдари фицгаг хуæдæййевæг Сæбæтхъуати Æхсарбег дæр.

Профилон ведомстви разамонæг куд радзурдта, уотемæй 2021 анзи министради разамунд æма специалисттæ идарддæр дæр косдзæнæнцæ республики санитарон-экологон уавæр фæххуæздæр кæнунбæл, лæмбунæг æргом здæхт цæудзæнæй, экологий хæццæ баст федералон æма регионалон закъонæвæруйнадæ куд æнхæстгонд цæуй, уомæ.

Еци нисани хæццæ министрадæ бацæттæ кæндзæнæй бæлвурд хъæппæрести номхигъд. Зæгъæн, Хидирти Батрази дзубандимæ гæсгæ, ведомство республики Хецауадæмæ фæндон бахæсдзæнæй, цæмæй уалдзæги æма фæззæги арæзт цæуонцæ республики санитарон кæдзосдзийнади фæлгонцадæ æма цъæхвæлусти мæйонтæ.

Битарти Вячеслав дзубандий архайгути æргом раздахта, республики адæми цардархайди æдасдзийнадæн ци уæлæнхасæн мадзæлттæ исаразун гъæуддзæнæй, Цæгат Иристони æрдзи гъæздугдзийнæдтæ багъæуай кæнунæн агъаз ци проекттæ æма унаффитæ исуодзæнæнцæ, уомæ. Цæгат Иристони Сæргълæууæги гъудимæ гæсгæ, еугур еци фарстатæбæл косгæй, ахсгиаг уодзæнæй ирæзгæ фæлтæрти гъомбæладæ дæр.

Ке зæгъун æй гъæуй, республики размæ берæ нисантæ лæууй фицгаграгдон национ проект «Экологи»-й уагæвæрдтæ æнхæст кæнуни гъуддаги дæр. Æрдзон фæрæзнитæ æма экологий министрадæ исæнхæст кæндзæнæй Дзæуæгигъæуи зæронд бугъдони территорий рекультиваци. Уомæй уæлдай, экологон æдасдзийнади мадзæлттæ æнхæстгонд æрцæудзæнæнцæ Бехъани цади, уæдта æндæр æрдзон бунæтти. Уæлæнхасæн фæрæзнитæ нисангонд цæуй æрдзон бунæттæ зингисервæзтæй гъæуай кæнуни æма æндæр сæрмагонд техникæ æлхæнунæн…

– Ведомстви специалисттæ идарддæр косдзæнæнцæ цæугæдæнтти билгæрæнттæ кæдзос кæнунбæл. Хæстæгдæр рæстæг федералон агентадæ «Росводресурсы»-мæ бадæтдзæнæнцæ, донивулдтити нихмæ ци куститæ бакæнун гъæудзæнæй, уони фæдбæл гъæугæ проектон-сметон документаци, – загъта Хидирти Батраз.

Министр лæмбунæг радзурдта, 2020 анзи ведомство ци куст бакодта, уой бæрæггæнæнти тухххæй дæр.

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ.***

# ЦÆМÆЙ ФУДРАКÆНДТИТÆЙ ÆДАС УÆН!..




***Террористон фæззиндтитæ ма 'руадзунæн 2020 анзи ци мадзæлттæ арæзт цудæй? 2021 анзи аци къабази сæйрагдæр æргом ци гъуддæгутæмæ раздахун гъæудзæнæй? Аци æма иннæ ахсгиаг фарстатæбæл æрдзурдтонцæ Цæгат Иристон-Аланий Терроризми нихмæ архайди къамис æма Оперативон регионалон еумæйаг æмбурди архайгутæ.***

Æмбурди райдайæни Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав** райарфæ кодта барадæгъæуайгæнæг ведомствитæ æма тухи структурити еугур минæвæрттæн дæр, нæуæганзон бæрæгбæнтти рæстæг адæми æдасдзийнадæн гъæугæ мадзæлттæ ке исаразтонцæ, уой фæдбæл. Битари-фурти дзубандимæ гæсгæ, фæлладуадзæн бæнттæ рацудæнцæ сабур æма хузæнон уагæбæл, æма еци гъуддагмæ аккаг æвæрæн бахастонцæ æхсæнадон фæткæ гъæуайгæнæг еугур структуритæ дæр.

Терроризми нихмæ архайди къамиси аппарати разамонæг **Олег Баранов** æ радзубандий фæннисан кодта, республикон къамис æма хецауади регионалон æма бунæттон оргæнтæ террористон фæззиндтитæ ма 'руадзунбæл 2020 анзи куд бакустонцæ, уой. Æ радзубандимæ гæсгæ, еци нисанбæл еугур куст дæр арæзт цудæй Терроризми нихмæ архайди национ комитети амунддзийнæдти бундорбæл.

Докладгæнæг куд фæннисан кодта, уотемæй 2020 анзи республики не 'рцудæй уагъд террористон фудракæндтæ, уæдта алли адæмтæ æма аллихузон динти минæвæртти 'хсæн зингæ буцæуттæ. Анзи дæргъи Терроризми нихмæ архайди къамисæн адтæй авд æмбурди, уоми хаст æрцудæй аллихузон 299 унаффи. Террористон фæззиндтитæ ма 'руадзуни нисани хæццæ республики закъонæвæрунадон æма æнхæстгæнæг хецауади оргæнтæ исфедар кодтонцæ 28 барадон-нормативон акти. Уомæй уæлдай, дзиллон бунæттæ, уæдта ахсгиаг объекттæ террористон фæззиндтитæй багъæуай кæнуни гъуддаги лæмбунæгдæргонд æрцудæнцæ 16 республикон æма муниципалон оргæни æнхæстбартæ.

Олег Баранов ма куд радзурдта, уотемæй Терроризми нихмæ архайди национ комитети унаффи бундорбæл кæронмæ рахъæрдтæй республики ахуради, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, культурæ æма спорти объектти паспортизаци. Сæрмагонд къамистæ бабæрæг кодтонцæ Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади æма Культури министради дæлбарæ косæг еугур организацитæ дæр æма хатдзæгтæ искодтонцæ, террористон фæззиндтитæй æдасдзийнади мадзæлттæ уæлдæр амунд организацити куд æнхæст кæнунцæ, уой фæдбæл. Олег Баранови дзубандимæ гæсгæ, еугур раггомгонд гъæуагæдзийнæдтæ дæр афойнадæбæл еуварсгонд цæунцæ.

Докладгæнæги дзубандийæн хатдзæгтæ кæнгæй, Битарти Вячеслав республикон ведомствити разамонгути æргом ма еу хатт раздахта, террористон фæззиндтитæй æдасдзийнадæн агъазгæнæг унаффитæ æма домæнттæ уæлдай бæрнонæй æнхæстгæнгæ ке 'нцæ, уомæ.

– Террористон фæззиндтитæ ма 'руадзуни нисани хæццæ архайд, терроризм æма экстремизми идеологи парахат кæнуни нихмæ куст гъæуама ахедгæ фæткæбæл цæуа. Нæ республикæ, гъулæггагæн, æхебæл бавзурста еци æвæрхъау фæззиндтити знаггадæхæссæг тухæ, æма уомæ гæсгæ алкедæр лæдæруй, терроризми идеологийæн аккаг нихкъуæрд дæттун ке гъæуй, уой, – загъта республики разамонæг.

Æмбурди архайгутæ куд фæннисан кодтонцæ, уотемæй террористон фæззиндтитæ ма 'руадзуни нисани хæццæ хаст унаффитæ уæлдай ахедгæдæр хузи æнхæст кæнунцæ хецаудзийнади федералон оргæнти регионалон дæлхайæдтæ, Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики, Ахурадæ æма науки, уæдта Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадтæ, Горæтгæрон æма Мæздæги районти фæзуатон къамистæ æма æндæр ведомствитæ. Аци къабази сæ архайд фæгъгъомусгиндæр кодтонцæ культури æма физикон культурæ æма спорти министрадтæ, уæдта фæсевæди гъуддæгути фæдбæл Комитет.

Терроризми нихмæ архайди къамис æма Оперативон штаби иуонгтæ æрдзурдтонцæ æндæр фарстатæбæл дæр.

# ЦИ ЗОНУН ГЪÆУЙ ВАКЦИНАЦИЙ ТУХХÆЙ...

Нæ республики идарддæр цæуй хуæцгæ нез коронавируси нихмæ дзиллон вакцинаци. Прививкитæ конд цæунцæ Дзæуæгигъæуи 1-аг, 4-аг, 7-аг поликлиникити. Вакцинæ барвæндонæй ка кæнуй, уæхæн адæймæгути нимæдзæ дæр ирæзуй.

Вакцинаци искæнуни мадзæлтти æма æ фæстеугути тухххæй æрæги, журналистти хæццæ фембæлгæй, радзурдта Дзæуæгигъæуи 1-аг поликлиники дохтир **Къорнати Замирæ**. Е загъта:

– Поликлиникæ прививкитæ кæнун ке райдæдта, уой базонгæй, беретæ æрбадзорунцæ телефонæй æма сæхе прививкæ искæнунмæ ниффинсунцæ. Кæд раздæр аци гъуддаг сабургай цудæй, уæд нур вакцинаци искæнуни мадзал фæррæвдзæдæр æй. Нæ республики цæргутæн сæ фулдæр не 'ууæндунцæ вакцинацибæл, тасдзийнадæ ма сæмæ ес. Аллихузон дзубандитæ æхсæнади парахат кæнунцæ. «Гам Ковид Кав» кенæ ба хумæтæгдæр загъдæй – «Спутник V» æй нæхе уæрæсейаг вакцинæ æма си неци ес тæссагæй. Нæхе дохтиртæ дæр цалдæремæй искодтонцæ прививкæ «Гам Ковид Кав», гъома, «Спутник V», æма абони уæнгæ дæр сæхе хъæбæр дзæбæх æнкъарунцæ. Ка нæмæ ниффинсуй æхе прививкæмæ, уонæй къуæрттæ искæнæн, алли къуари дæр – фондз адæймаги. Вакцинаци ку райдæдта, уæдæй абони уæнгæ прививкитæ нæ поликлиники искодтонцæ – 232 адæймаги. Сæ еугур дæр сæхе дзæбæх æнкъарунцæ. Сæ хæццæ бастдзийнадæ еудадзугдæр дарæн. Адæймаги иммунитетæн агъаз æй аци вакцинæ.

Вакцинæ конд цæуй адæймагæн дууæ хаййемæй. Фицгаги фæсте дуккаг дозæ кæнгæ 'й 21 боней фæсте. Еци рæстæг адæймаги бауæри вакцини фæрци фæззиннунцæ «антитела» кæ хонунцæ, еци гъæуайгæнæн иуонгтæ. Прививкæ кæнæн ес 18 анземæй уæлæмæ кари адæмæн. Абони дæр нæмæ фондз адæймаги æрбацæуздзæнæй прививкæ кæнунмæ. Вакцинæ нæ республикæмæ æрвист цæуй фæлтæргай. Вакцини еу ампулæ æй фондз адæймагемæн искæнуни дозæ.

Журналисттæн вакцини тухххæй æхе гъудитæ радзурдта дохтир-гинеколог **Иринæ Путина**. Силгоймаг куд загъта, уотемæй прививкæ искодта, вакцини фицгаг уолæн ку райдæдта, уæд, фарæ октябри.

– Мæхе хъæппæресæй, мæхе фæндæй искодтон прививкæ, тухххæй мæ неке бакодта, уотемæй. Прививки фæсте мæхе уæлдай æндæрхузи нæ банкъардтон, фæстеугутæ дæр мæмæ нæ адтæй. Вакцини фæсте ме 'нæнездзийнадæ исбæрæг кодтон æма мæ тоги разиндтæй «иммуноглобулин антитела», зæгъгæ, иуонгтæ, адтæнцæ – 11. Е хуарз бæрæггæнæн æй. Беретæ не 'ууæндунцæ вакцинæбæл, æз ба æууæндун, уомæн æма нæ бæсти аци промышленность рагæйдæр æнтæстгин адтæй. Зæгъунцæ, гъома, цубур рæстæгмæ куд ес гæнæн вакцинæ иссерун? Фал, абони медицинæ размæ агъазиау къахдзæфтæ ке ракодта, техникон процесс ке ирæзуй, уой дæр уинæн. Алли рæстæги дæр нæ бæсти прививкитæ кодтонцæ, нæуæгигурд сувæллæнттæй райдайæ, æма хестæр кари адæмæн алли тæссаг хуæцгæ незтæй, æма уотемæй гъæуайгонд æрцудæй адæми нимæдзæ. Прививкæ искæнун мæхе уомæн бафæндадтæй, æма коронавирусæй адæймаг мæлгæ ке кæнуй, уой фегъустон, прививкæй ба ке нæ рамæлдзæнæн, уой бæлвурд зонун, – загъта Иринæ Путина.

**Уæрæсей паддзах Александр II 1871 анзи 27 январи рахаста унаффæ, цæмæй силгоймæгтæн лæвæрд æрцæуа æхсæнадон æма паддзахадон косæндæнтти косуни барæ.**



ТУСКЪАТИ Мухарбег (дуккаг рæнгъи галеуæрдигæй) æ тугъдон æмбæлтти хæццæ фронти.



ТУСКЪАТИ-ЦОРИТИ Дебæ æ фурт Руслани хæццæ.



ТУСКЪАТИ Руслан æ фидæ Мухарбегæн циртдзæвæни рази.

# ÆМА Æ КАРНÆ ИССÆЙ ÆНОСОН КАДÆ...

ФИНДДÆС æма æртинсæй анзей размæ 1945 анзи деденæгкалгæ майи немуцаг фашизм хорхгонд æрцудæй æ сау лæгæти – æма Берлини сæрмæ исфелаудта Уæлахези советон туруса. Уоййадæбæл фæцæй Устур Фидибæстон тугъд. Гъо, тугъдон архæйдтитæ фæцæнцæ, фал нæ адæмæн, еци дуйнетæбæл уæди уæнгæ ка некæдма æрцудæй, уоййасæбæл тогниккалди тугъди гъезæмæрттæ æгæронæй ка бавзурста, уонæн ба нæма фæцæй. Нæма фæцæй – уомæн æма, уæдæй абони уæнгæ кæд цалдæр фæлтæри райгурдæй ин æ хабæрттæ еске имисуйнæгтæмæ гæсгæ ка зонуй, сауæнгæ уони зæрдитæ. Еци дæсгай æнзти сæрти ма нæмæ æрбайгъусунцæ, æ хъазауатонтæ æма уони æхсаргин хъиамæтти туххæй нури уæнгæ зундгонд ка нæ адтæй, еци æвдесæнтæ. Уæдта, æвæдзи, идарддæр ма нæма игъусдзæнæнцæ. Уомæ гæсгæ некæд фæуудзæнæй нæ дзилли дзубанди, æверхъаудæр æма хъазауатондæр ка адтæй, еци тугъди туххæй. Уомæн æвдесæн, мæнæ уин нур ци цауи кой ракæнуйнаг ан, е дæр.

Устур Фидибæстон тугъди бæгъатæртæй еу адтæй Тускъати Басай фурт Мухарбег дæр. Орджоникидзей фестæгæфсæддон тугъдон училищей рауагъдон, е 1942 анзи январи рандæй фронтмæ.

Сурхæфсæддон Тускъати Басай фурт Мухарбеги Сурх Стъалуй орден лæвæрд æрцудæй æ фурти фурт Тускъати Тайморазмæ, республики Хецауади Сæрдармæ.

Орджоникидзейаг фестæгæфсæддонти тугъдон училищей рауагъдонмæ тугъди будурмæ фæдздзурдтонцæ 1942 анзи январи мæйи. Архайдта Хъирим фудæзнагæй исуæгъдæ кæнунбæл, равдиста лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнади æууæлтæ. Цалдæр хатти уæззау цæфтæ фæцæй, контузи дæр райста, фал, æхе исдзæбæх кæнгæй, раздахтæй тугъдмæ.

Лейтенант Тускъати Мухарбег ци æхсгути взводæн разамунд лæвардта, е уæлдай хъæбæрдæр фескъуæлхтæй, гъæу Томашевки размæ ци тугъд рауадæй, уоми. Е 'фсæддонтæ ниппурхæ кодтонцæ сæдæгай знæгти, уой хæццæ ба ма си дууадæс немуцаги, се 'хсæн афицертæ дæр, райстонцæ уацари. Еци æнтæстдзийнади туххæй Тускъайфурти бавдистонцæ, цæмæй ин лæвæрд æрцудайдæ Сурх Стъалуй орден.

Фал бæгъатæрæн æ тугъдон хуæрзеуæг райсун нæ бантæстæй, Сапун-Горай бунмæ карз тугъдтити фæммард æй... Æфсæддон кадæгæнæн мадзæлттæ ин исаразгæй, 1944 анзи 8 майи æй байвардтонцæ Симферопойлаг райони гъæу Верхний Чоргуни.

Уæдæй ардæмæ цæйбæрцæ æнзтæ рацудæй, фал æдзард бæгъатæр тугъдони ном иронх нæй, æ хуæрзеуæг дæр нæ фæдздзæгъæл æй, исæмбалдæй æ райгурæн зæнхæбæл. Æрæги республики æфсæддон комиссар Абрил Абдуллаев, ветеранти республикон Совети сæрдар Фриати Хъазбег æма архивон служби разамонæг Тебиати Еленæ Тускъати Мухарбеги еци тугъдон хуæрзеуæг цитгин уавæри равардтонцæ æ фурт Руслани (гъулæггагæн, е дæр абони цардæгас нæбал æй...) фурт Таймораззæн. Е син зæрдиагæй райарфæ кодта, æ фиди фиди тугъдон карни хабæрттæ исбæлвурд кæнунбæл уоййасæбæл лæмбунæгæй ке байархайдтонцæ, Фидибæсти сæрбæлтау хъазауатонæй тохгæнгути хъиамæттæ исцитгин кæнун æма Устур Фидибæстон тугъди историон рæстдзийнадæ багъæуай кæнуни туххæй цæйбæрцæбæл æновудæй фæллойнæ кæнунцæ, уой фæдбæл.



Æдзард тугъдон ТУСКЪАТИ Басай фурт Мухарбеги тугъдон хуæрзеуæг æ фурти фурт Тайморазмæ равардта нæ республики æфсæддон комиссар Абрил АБДУЛЛАЕВ.

Тускъати Мухарбеги тугъдон цардвæндаги хабæрттæ нерæнгæ æнхæстæй бæлвурдгонд нæма æрцудæнцæ, фал си уæддæр цидæртæ ба зундгонд æнцæ, æма сæ радзоруйнаг ан...

## ЦУДÆНЦÆ ТУГЪДМÆ ТУСКЪАТИ ÆНСУВÆРТÆ...

Тускъати Басай фурт Мухарбег айдагъ гъæубæсти 'хсæн нимади лæг нæ адтæй, фал æй æнæгъæнæ Дигори дæр хуарз зудтонцæ. Чиколай фæсевæдæй советон доги тæккæ райдайæни фиццагидæр устур ахургонддзийнадæ ка райста, уонæй еу е адтæй. Фæстæдæр æнтæстинæй фæккуста берæ бæрнон рауæнти. Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд Тускъати Басай фондз фуртемæй æртемæн – Дзахо, Гæмæти (Мæхæмæт) æма Омарæн – фронтмæ æрветæн сæ карæмæ гæсгæ нæбал адтæй, фал сæ дууæ кæстæри – Тазæрет æма Мухарбег – ба фиццæгти хæццæ, 1941 анзи рандæ 'нцæ фронтмæ, æнауæрдонæй тох кодтонцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ. Сæ дууæ дæр бæгъатæрæй фæммард æнцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони туххæй, гæнæн куд исуа, уомæ гæсгæ иссердзинан фадуат бæлвурддæрæй радзорунæн.

Мухарбег, ка 'й зудта, етæ куд дзорунцæ, уотемæй адтæй ездон æма æгъдаубæлхуæст лæг, адæми размæ ихæслæдæрæг. Фронти уогæй уæхæн уæззау цæфтæ фæцæй, æма 'й сæхемæ рарвистонцæ, гъома, тугъди уни аккаг нæбал дæ, зæгъгæ. Фал сæхемæ цанæбæрæг фæцæй, уæдта бабæй æхе барвæндонæй нæуæгæй тугъдмæ рарветун кодта – гъæуи уогæй уотæ æнгъæлдта, цума, уæд знаги нихмæ ка тох кодта, уони хеуæнттæ имæ уайдзæфи каст кодтонцæ. Æма бабæй фронти нæуæгæй уæззау цæфтæ фæцæй, уонæй æй бадзæбæхтæ кæнуни туххæй æй исластонцæ Грознамæ. Уордæмæ имæ, еци уæззау æма тасдзийнадтæй æ тæккæ идзаг рæстæгути, бабæрæг кæнунмæ ниххъæрдтæй æ цардæмбал Дебæ (Цорити Сабей кизгæ), сæ дзедзедай фурт Руслан дæр æ хæццæ, уотемæй.

Мухарбег æ цæфтæй ку бадзæбæхтæ й, уæд бабæй тугъдмæ рандæй... Уоййадæбæл æ райгурæн хæдзарæбæл нæбал исæмбалдæй – 1944 анзи 8 майи бæгъатæрæй фæммард æй Севастополь знагæй уæгъдæ кæнуни тугъдтити, Сапун-Гора ке хонунцæ, уой рæбунти... Фæстæдæр Руслан, æхе зæрди фæндонæй æма æ мади фæдзæхст æнхæст кæнгæй, æ фурт Тайморази хæццæ бабæрæг кодтонцæ, æ фидæ Мухарбег кæми тох кодта, кæми фæммард æй, еци рауæнтæ, кæми нигæд æй æ тугъдон æмтохгæнгути хæццæ, уоми ин циртдзæвæн дæр ниввардтонцæ (уинетæ сæ, мæнæ абони ци къартæ мухур кæнæн, уонæми).

Дебæ, æригон бийнойнаг уогæй, седзæргæсæй райзадæй æ дзедзедай сувæллони хæццæ. Фал имæ уоди уæхæн хъаурæ разиндтæй, æма æ нифс нæ расастæй, ци зинтæ æма тухститæ æвзаргæ ин рауадæй, уонæн уотид ниббухсун нæ, фал си фæхъхъаурæгиндæр ун бафæразта. Æ еунæг фуртæн æ цард иснивонд кæнгæй, уодуæлдайæй архайдта, цæмæй ин е æ седзæрдзийнадæ æгириддæр мацæмæй бавзара, маци гъæуагæ уа, æ царди надбæл æнæкъулумпийæй æ зæрди фæндитæ æнхæст кæнун ин æнтæса. Æма æ еци фæндæ æнхæст кæнун æ къохи æфтудæй.

Еугур еци хабæрттæ нимайгæй, уотæ зæгъун æнгъезуй, æма Дебæ уомæй арфиаг разиндтæй куд мадæ, уотæ тæккæ хуæздæр хузи кæрæй-кæронмæ банхæст кодта æ ихæстæ. Фал уæлдай арфиаг ба уомæй адтæй, æма æ фуртæн хуарз цæйбæрцæ кодта, уомæй фулдæр ба си агоргæ кодта – адæми 'хсæн федауцæй цæрунæй, æмгæртти хæццæ уарзонæй æма кæрæдзей нимайгæй, агъаз ке багъæуа, уомæ фæккæсун æма берæ æндæр æгъдæуттæй. Тарстæй ин, æвæдзи, æгæр боцхаст си куд нæ рауайа, адæми 'хсæн естæмæй ку нæ исфедауа, уомæй. Æма Руслан дæр, куд фæззæгъунцæ, е 'дзард фидæ, æ уарзон мадæн аккаг фуртæй райрæзтæй. Адæми 'хсæн хæларзæрдæй цардæй, рæстудæй æ карни хабæрттæ кодта.

***

*...Руслан, гъулæггагæн, абони цардæгас кæд нæбал æй (цалдæр анзей размæ банæхстæр æй е 'носон дуйнемæ, рохсаг уæд...), уæддæр æ фидиуæзæги цардвæндаг нæ банидæн æй, федауцæй раидарддæр æй æ цæуæтти, æ фурт Таймораз æма æ кизгуттæ Зæлинæ æма Мæдини арфиаг гъуддæгутæй... Уогæ е æй хецæн дзубандий аккаг æма 'й, æвæдзи, ракæндзинан æндæр хатт... Абони ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма æцæгæй раст æй курухон загъд: «Неке æй иронх, неци æй иронх...» Æма нæ дзиллæй æностæмæ иронх нæ уодзæнæнцæ нæ Фидибæсти бæгъатæрти рохс нæмттæ...*

**Æвддæс æма æртинсæй анзей размæ (1944 анзи) 27 январи Ленинград æнæгъæнæй дæр уæгъдæгонд æрцудæй немуцаг-фашистон æрдонгти блокадæй.**

***Номдзуд итайлаг поэт Алигъери ДАНТЕ (1265-1321), уотæ финста: «Адæймагæн æ медæгæ уæн ес дууæ хузи гъæнтæ æма сахъатдзийнæдтæ: еуетæ фæуунцæ бауæри, иннетæ ба – уоди. Бауæри хæйттæй ескæцитæ сахъат ку фæуунцæ, уæд адæймаги бон нæ фæууй нивæбæл цæрун, зæгъæн,***



# «ÆНÆГЪÆНÆ ЦАРД БАХАРЗ КÆНУН ГЪÆУЙ

## АЛЦÆМÆЙ ДÆР ÆНХÆСТ ИСФÆЛДИСТАДОН ДЗАУМАУ ИСАРАЗУНБÆЛ...»

СОСКЪИТИ Владимири цардвæндаг æма исфæлдистади туххæй рагæй æрæги уæнгæ дæр берæ аллихузон æрмæгутæ финст æрцудæй айдагъ нæ фидибæстон нæ, фал фæсарæйнаг дзиллон хабархæссæг фæрæзнити дæр, сæрмагонд журналтæ æма киунугути. Еци æрмæгутæй берети нæ газети ниммухур кæнун бæргæ хуарз уидæ, фал нæ равгитæ нæ амонунцæ… Уомæ гæсгæ ба абони мухур кæнæн, федералон газет «Культура»-йи журналист Еленæ ТИТАРЕНКО Соскъий-фурти хæццæ дзубандимæ гæсгæ ци интервью бацæттæ кодта, уой.

* * *

Тарус... Уæрæсей аци зæронддæр сахартæй еуей кой, ка 'й зонуй, Иристони беретæ игъосгæ дæр некæд фæккодтонцæ. Уотæ уоми дæр, æвæдзи, Иристон бæлвурд кæцæй зудтайуонцæ. Фал сæ дессаги федауцæ гъуддаги фæрци кæрæдзей хæццæ базонгæ кодта нæ номдзуд æмзæнхон, скульптор СОСКЪИТИ Владимир. Алæмæти уруссаг поэтессæ Маринæ Цветаевайæн Владимир ци циртдзæвæн исаразта, е æвæрд æрцудæй ами, Таруси, æма амæйфæстæмæ еци цитгин силгоймаг цæугæдон Окай билгæронбæл лæугæй кæсдзæнæй æ уарзон сахармæ. Таруси Маринæ Цветаевайæн циртдзæвæн игон кæнуни фæдбæл мæн дæр ку байагурдтонцæ, уæд уайтæккædæр рагъуди кодтон: Тарусбæл дессаги хуарздзийнадæ æрцудæй. Уомæн æма æ исфæлдесæг Соскъити Владимир уæлæнгай æма цийфæнди кустitæ некæд кæнуй – æ эстетикæ, уотид æндагон уадессæгтæ си æгириддæр нæ уогæй, бæрæг даруй арф философондзийнадæй, уогæ автормæ алкæддæр адтæй æндиуддзийнадæ æма арæхстдзийнадæ уæхæн æнæтрадицион пластикон фæззилд, кæци лæдæрд уидæ зонæг адæмæн. Уомæ гæсгæ ин æ исфæлдистади бантæсуй уæхæн аййевадон мадзæлттæ иссерун, кæцити фæрци æ къохтæй исарæзт сорæттæ рауайунцæ цардæгас. Уомæ гæсгæ, баруагæс уи уæд, Маринæ Цветаевайæн циртдзæвæн игон кæнунæй рауадæй æцæг адæмон бæрæгбон – æрцудæнцæ имæ дуйней дзиллитæ. Цветаевти бийнонтæ Таруси кæддæр фатери райстонцæ сæрдигон хæдзарæ, æма сæ ами нерæнгæ дæр ма имисунцæ зæрдрохсæй. 1905 анзи ами, Таруси, æ фæстаг бæнттæ ка рарвиста, еци хузæгæнæг Виктор Борисов-Мусатови куд æхцæуæнæй имисунцæ, уотæ. Æ циртбæл æвæрд циртдзæвæн «Фунæй биццеу» (аразгæ ба 'й искодта, «Голубая роза», зæгъгæ, æмхæларади иуонг Александр Матвеев) æй хумæтæг, уотæ устур дæр нæй, фал æй игъустгонд æма хрестоматион. Матвееви кустмæ еуцæйбæрцæдæр хæстæгдзийнадæ даруй Соскъити Владимири арæзт скульптурæ дæр. Циртдзæвæн устур нæй – дууæ метремæй минкъий бæрзонддæр. Фал Маринæ Цветаевай бронзæ циртсорæт фæззинд тарусæгтæн, Окай дони билæбæл цæргутæн, иссæй æносон историон цау. Уомæй размæ дæр ма аци номдзуд поэтесси кадæн циртдзæвæнтæ исæвæрунбæл архайд цудæй, фал æгириддæр зæрдæмæдзæугæ ке нæ адтæнцæ, – ка си æгæр устур, ка ба бустæги кæбæлдæрти райвæзт, – уомæ гæсгæ æвæрд не 'рцудæнцæ. Нæ газет къуар хатти финста уой фæдбæл.

Соскъити Владимири исконд скульптури нихмæ ами цæрæг хестæр силгоймæгтæ-хузæгæнгутæ хъæбæр карзæй дзурдтонцæ, уотæ дæр ма бавзистонцæ, гъома, сахайрæгти фæндонмæ нæ байгъосгæй, еци æнæзæрдæмæдзæугæ монумент уæддæр ку æрбаласонцæ, уæд ин æ нихмæдзоргутæ æ над рахгæндзæнæнцæ, надбæл цæхгæрмæ æрхусдзæнæнцæ. Цидæр адтæй, уæддæр æцæгдзийнадæ фæууæлахез æй, æма мæнæ ка гъудæй, Маринæ Цветаевай уодигъæдæ æцæгæй ка æвдесуй, еци циртдзæвæн æрхъæрттæй Тарусмæ, æ исфæлдесæг – аразæг скульптор Соскъити Владимир.

Æ байгон кæнуни рæстæг, Цветаевай райгурди 114-аг бони ин е 'мдзæвгитæ кастæй зундгонд поэтессæ Беллæ Ахмадулина, уой размæ монументи архитектор Борис Мессерер сæрмагонд равдисти адæми базонгæ кодта æхе акварелон кустити хæццæ. Аци кадгин мадзали фæдбæл цубур информаци раттун мæнмæ раст нæ фæккастæй æма скульптор Соскъити Владимирæй ракурдтон, цæмæй мин мæ фарстатæн дзуæппитæ раттунбæл исарази уа.

**– Уæрæсей, кæци гъæздуг æй дæсни скульптортæй, æрæги уæнгæ дæр ма берæ хуарз адæймæгутæн æвæрд нæ адтæй циртдзæвæнтæ. Уони хæццæ**







*къуру кенæ къуæтти ку уа, уæд. Уоди кой ку кæнæн, уæд е ба берæ хæттити хæранæй æмидзаг фæууй. Уомæ гæсгæ ‘й æ мондæгтæ галеу надбæл исаразунцæ. Еци мондæгтæ ‘й сæ фæдбæл уотæ хъæбæр расайунцæ, æма адæймагæн дуйне æнæгъæнæй дæр æ цæсти синдзæ фестуй...»*



**нæ тæккæ игъустгонддæр æмбæстонтæн, куд Бродский кенæ Ахматовайæн.**

– Æвæдзи, сæ рæстæг нæма æрцудæй: зин æй, цæмæй уайсахат син æхсæнадæ аккаг аргъ искæна, нæ дзиллæ сæ аразийæй нимайун байдайа нæ Фидибæсти сæрустурдзийнадæбæл, исуонцæ нин цитгийнаг хъайтартæ. Уæдта, æвæдзи, адæм сæхуæдтæ дæр нерæнгæ уоййасæбæл хъæбæр разæнгард нæма æнцæ, цæмæй етæ циртдзæвæнтæй лæууонцæ фæзти æма алци лæдæргæ цæстингасæй кæсонцæ нæ цардиуагæмæ, ци ан, уомæ. Бродскийи беретæ нæ кæсунцæ, е æй исонибони поэт. Хуцау зæгъæд, æма нæмæ фæстæдæр куд разинна уæхæн хузæгæнгутæ, кæцитæ син исараздзæнæнцæ сæ агъазиаудзийнади аккаг циртдзæвæнтæ, цæмæй махæн ходуйнаг ма уа, аккаг аргъгонд син ке нæ цæуй, уомæй.

**– Дæ æрмадзи дæ Цветаевай алливарс æртумугъ æнцæ æндæр фæлтæрти поэттæ – Хетæгкати Къоста, Иосиф Бродский, Булат Окуджава… Фал дæмæ монументалон жанри куститæ ба бустæги минкъий ес.**

– Æма æз, баруагæс уи уæд, æгириддæр ку нæ тундзун монументалон куститæмæ, хуæздæрбæл нимайун, къохæй бавналæн кæмæ ес, уони. Игон урух фæзуати нивværунмæ алцæмæйдæр æнхæст исфæлдистадон хуарз дзаумау исаразун зин гъуддаг æй, уобæл бахарз кæнун гъæуй æнæгъæнæ цард.

Дзубанди циртдзæвæнбæл ку фæццæуй, уæд хъæбæр ахид си пластикæй, райдайæни æргъудидзийнадæй си неци бал байзайуй – еугурæйдæр исуй цидæр уæйуггон, нæдæр цæстæй, нæдæр гъудийæй æрхуæцæн кæбæл нæбал фæууй, уæхæн.

Цидæр æй, уæддæр æз сæрустур дæн, Гæздæнти Гайтойæн ке искодтон, еци циртдзæвæнæй, кæций мин Гергити Валери æма къуар æмзæнхоней агъази фæрци бантæстæй Парижи бунмæ Сен-Женевьев-де-Буайи уæлмæрдти финсæги циртбæл æрæвæрун. Никки ба ма бæллун мæхе Булат æма мæхе Бродскийи циртдзæвæнтæ исæвæрунмæ дæр. Окуджави седзæргæс бийнойнаг ми ракурдта, æ цардæмбалæн Переделкини ци Хæдзарæ-музей ес, уомæн циртдзæвæн исцæттæ кæнун. Бродскийæн циртдзæвæни мæн арæзт проект, ка ’й зонуй, æма исæнхæст кæндзæнæнцæ Америки Еугонд Штатти – кæд æма кæми, уобæл ба рагацау нæ дзордзæнæн.

Угæ нисангонд ба Петербургæн бæргæ адтæй, сауæнгæ ма ин бæлвурд рауæнæн дæри сбæрæг кодтонцæ – Ахматова Анни музеймæ хæстæг Фонтанки билгæрон. Фал конкурси райстон дуккаг преми, фиццаги ба – петербургаг архитектортæ, кæцитæ циртдзæвæн иснисан кодтонцæ æнæ гурæй, уой бæсти си финст уодзæнæнцæ æмдзæвгитæ. Окуджави сорæт дæр конкурсон æй, Мæскуйæн, фал ами дæр бабæй байахæстон дуккаг бунат. Нæ зонун, фал цæмæдæр гæсгæ алкæддæр дуккаг дæн...

**– Раздæхæн дæхе Маринæ Цветаевамæ. Куд зонæн, уомæн дæу исконд циртдзæвæн нивværуни хабар дæр дæргъвæтийнæ адтæй, хумæтæги буцæутæ нæ, фал æнæгъæнæ тох цудæй циртдзæвæни бæлвурд бунати фæдбæл дæр, уæдта уобæл дæр, цæмæй скульптурæ адтайдæ, кедæрти фесинмæ гъудимæ гæсгæ, аккаг.**

– Дессаг куд нæй е, æма проектæн дууæ анзей дæргъи, куд фæззæгъунцæ, æ бунатæй фезмæлæн нæ адтæй, кæд æма сауæнгæ фæрæзнитæ дæр ма ин уагъд адтæй, уæддæр. Æвæдзи, бунæттон хецауадæ æндæр цидæр нисан кодта, æма уомæ гæсгæ ба барæ нæ лæвардтонцæ сквер байахæссун æма имæ базелунæн. (Циртдзæвæн æвæрд æй Таруси хузти галереймæ хæстæг, Окай билæбæл еу минкъий сквери. – *Ред.*). Алцидæр æ бунатæй фезмалдæй айдагъдæр Борис Мессерери гъæддух архайди фæрци, кæци цæруй Таруси. Хуарз æма имæ æ агъази къох бадардта сахари нæуæг мэр Сергей Игнатенко дæр.

Дессаг ба е æй, æма фæстæдæр ба, еугурæйдæр æй ку фæууидтонцæ, куд фæффедауцæ 'й еци рауæн, аййевдзийнадæ æма кæдзосдзийнадæй цæхæртæ куд искалдтонцæ еци зæууат, æдзæллаг уавæри сквер æма цæугæдони æдзæллаг билгæрæнттæ, еци рауæн зæронд бæлæстæ дæр ма æд бундзæфхæдтæ искъахтан, цæмæй циртдзæвæнæн уа парахатдæр рафæлгæсæнтæ, уæд нин арфитæ кодтонцæ. Бунат ба сæрмагондæй æвзурст æрцудæй: Мессерери бафæндадтæй скверæй мемориалон парк исаразун æртæ номдзуд адæймагей кадæн – поэтессæ Маринæ Цветаевай, музыкант Николай Рихтери æма финсæг Константин Паустовскийи нæмттæ исæносон кæнунæн.

**– Раст зæгъай, Владимир, нæ мæтæ кодтай, циртдзæвæн Таруси сæ зæрдæмæ куд райсдзæнæнæцæ, уобæл? Æз куд фегъустон, уотемæй еуæй-еутæмæ Цветаевай сорæт фæккастæй æгæр трагикон, уогæ ба, дан, ами е цардæй æ тæккæ амондгундæр рæстæг, е ’взонгдзийнади...**

– Мæтæ кодтон æви нæ? Мадта, хуарз æй ку зонетæ, уотæ берæ циртдзæвæнтæ дæр ку не ’вæрун! Угæ мæ еске цæстингас уоййасæбæл мæти уотæ не ’фтауй, мæхуæдæг мæхецæн ци хеаргъ искæнон, е мин æй сæйраг. Айдагъдæр хузæй-хузæмæ æнгас сорæт исаразун мин сæйраг нæ адтæй, фал ма гурæ урух игон фæзи æривæрун дæр. Сумах, æвæдзи, æрæстæфтайайтæ кæцидæр «листæг миутæ», гъома, нюанстæ: æ алливарс ибæл куд æртумугъ æнцæ бæлæстæ, игон фæзи итигъди æма Окай иннæ билгæронæй куд зиннуй æндарг, циртдзæвæни рæзти куд ивулуй дон…

Нæкæси, Маринæ Цветаева мæ, зæгъун æнгъезуй, нæуæгæй бабæй æрхудта Тарусмæ. Цæветтонгæ, евгъуд æноси 70-аг æнзти ахид уинæ ами, Сурикови номбæл институти мæ ахургæнæг скульптор Павел Ивани фурт Бондаренкомæ. Уомæ иуазæгуати ахид цæуидæ Цветаевай кизгæ Ариаднæ Эфрон дæр. Мæ зæрдæбæл æй бадардтон аййевæй, мадзорайæй, ку дзоридæ, уæдта сабурæй, æхе дардта аккаг хузи, хуæрзæгъдаугинæй.

Цветаевай сорæт трагикон рауадæй, зæгъгæ, уой фæдбæл ба мæ бон уотæ зæгъун æй, æма ин æз æ цард нæ дех кæнун Тарус æма Францибæл, æ цардвæндаги рагон æма æрæгиауи рæстæгутæбæл. Нæ лæдæрун уæхæн адæми, кæцитæ дзорунцæ: «Мах æй гъæуама уинæн цийнæхузæй, игъæлдзæгæй!..» Æма ци хузи гъудæй æ сорæт исфæлдесун – æхсæрдæсанздзудæй? Æз ин кодтон еумæйаггонд фæлгонц, Маринæ Цветаевайæн æ цард ба æцæгæй адтæй трагикон…

**РЕДАКЦИЙÆЙ.**

